



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN SEAN HENNESSEY KÒM DIREKTÈ ENTERIMÈ GRAN FWA ETA NEW YORK LA

Aprè li te dirije yon fwa ki te gen siksè an 2022 kòm Direktè Enterimè, Sean Hennessey pral kontinye dirije kwasans ak inovasyon an 2023 ak odela

Gouvènè Kathy Hochul te nonmen Sean Hennessey jodi a kòm Direktè Gwo Fwa Eta New York (Great New York State Fair) la. Aprè li te sèvi kòm Direktè Enterimè nan yon Fwa ki te gen siksè an 2022, Hennessey ki vin nan pozisyon Direktè a ouvri wout la pou plis kwasans ak inovasyon, pandan l ap asire yon kontinyasyon tradisyon yo ak plezi fanmi yo ki te vin tounen yon anblèm evènman anyèl yo prefere nan New York la.

"Direktè Enterimè Gran Fwa Eta New York la an 2022, Sean Hennessey, te pwouve li se yon inovatè ak yon lidè ki gen kapasite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m akeyi li ofisyèlman kòm Direktè epi mwen espere travay avèk li pou asire kwasans ak vitalite tradisyon inik New York sa a – Gran Fwa Eta New York nou an".

Antanke Direktè Enterimè Gran Fwa Eta New York la an 2022, Hennessey te dirije responsabilite pou egzekite premye eksperyans konplè fwa a depi anvan pandemi an, te prezante pwogramasyon mizik ki pi divèsifye atis nasyonal yo nan zafè estil ak deseni yo reprezante, epi li te kòmanse diskisyon pou prezante yon Vilaj Azyatik, nouvo pou Fwa 2023 a. Fwa 2022 a te akeyi 888,110 vizitè atravè pòtay yo epi li te prezante 113 konsè atravè Chevy Court, Chevy Park, Pan African Village, Latino Village, ak lòt lokal amizman yo. Kat pèfòmans ki prezante kòm yon pati nan Seri Mizik Chevrolet klase pami 20 pi gwo prezans nan konsè tout tan nan Fwa a, ki gen ladan pèfòmans Nelly a nan dat 31 out ki te atire 43,000 fanatik nan Suburban Park ki fèk chanje non an.

Ane sa a, Fwa a te anonse yon pwogramasyon konsè dinamik, divèsifye, ki entwodwi nouvo espektak ki apwopriye pou fanmi tankou *Peppa Pig Live!* (Peppa Pig an Dirèk) ak Disney Junior Live on Tour (Disney Junior an Dirèk nan Toune), ak nouvo ekspozisyon eksitan tankou DINOSAUR EXPEDITION (Ekspedisyon Dinozò) ki pral pote 60 dinozò ki gen gwosè reyèl nan Sant Ekspozisyon an, tout sa pandan y ap fè amelyorasyon nan enfrastrikti pou elaji angajman Fwa a pou amelyore eksperyans kiltirèl pou moun ki fè pati yo.

Komisè Agrikilti ak Mache Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare, "Enèji, eksitasyon Sean, ak lide odasye yo te ede pote kèk nouvo evènman enteresan nan Gran Fwa Eta New York la. Pandan n ap kontinye avanse ak Fwa a epi konsantre plis sou agrikilti ak edikasyon jèn nan Fwa a, mwen konnen Sean, k ap travay ak ekip la nan Fwa a, pral ede reyalize vizyon Gouvènè a".

Direktè Fwa Eta New York la, Sean Hennessey, te deklare, "Mwen gen privilèj pou m fè pati Gran Fwa Eta New York la, yon vrè tradisyon ak enstitisyon kiltirèl nan Eta New York. Mwen rekonesan ak touche pa nominasyon mwen ke Gouvènè Hochul fè kòm Direktè epi mwen espere ouvri Fwa 2023 a kòm Direktè ansanm ak ekip Fwa a".

Anvan li te rejwennn Fwa a an 2022, Hennessey te sèvi kòm Asistan Komisè pou Operasyon nan Depatman Transpò Eta New York, kote li te etabli yon dosye pwouve nan jesyon reyisi anplwaye ak sistèm nan ajans piblik yo, ki gen ladan administrasyon gwo bidjè anyèl ak pwojè kapital plizyè milyon dola. Eksperyans adisyonèl li kòm manm konsèy egzekitif, ajan rezèvasyon, ak pòtpawòl North Country Goes Green Irish Festival la te ba li yon gwo eksperyans tou nan kowòdone ak ankouraje evènman kiltirèl a gran echèl, tankou Fwa a.

Anons sa a baze sou investisman odasye Gouvènè Hochul nan agrikilti ak plan li pou sipòte opòtinite kwasans ak revitalizasyon pou tout fwa nan New York. Bidjè 2024 ki adopte a bay finansman kle pou Fwa Konte New York yo ak Gran Fwa Eta New York la, ki se eleman enpòtan nan agrikilti New York ki konekte piblik la ak endistri enpòtan sa a ak tradisyon li yo. Bidjè a gen ladan yon investisman 2 milyon dola nan fwa konte yo pou ede nan maketing ak pwomosyon yo nan yon efò pou respekte [angajman Gouvènè Hochul](#) pou amelyore kowòdinasyon ant fwa konte yo ak Gran Fwa Eta New York la epi ogmante opòtinite pou amelyore inisyativ pwogram jèn ak agrikòl nan tout fwa yo nan tout eta a.

Moun ki soti toupatou nan Eta New York pral reyini ankò ane sa a pou fè eksperyans yon selebrasyon abòdab, 13 jou manje bon gou, egzibisyon revelatè yo, divètisman kaptivan, ak gwo plezi nan Gran Fwa Eta New York la Fwa ane sa a pral montre plizyè milye bèt, plizyè santèn atraksyon komèsyal, plizyè dizèn manèj eksitan nan mitan wout, ak plizyè douzèn animatè ki gen gwo renome. Gran Fwa Eta New York 2023 a ap kòmansem 23 out epi l ap kontinye jiska 4 septanm nan 2023. Tikè yo disponib nan nysfair.ny.gov.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418